Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 45 (6784) 29 ноябрь 2021 с. Итни РабигIул ахир 1443 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Алжан - эбелалъул хIатIакь

### Бакълъулазул ракьалда эбелалъул къо кIодо гьабуна



**Бакълъул районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана эбелалъул къо кIодо гьабураб тадбир. Рохалилаб байрамалъулъ гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас, Дагъистаналъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаеваль, ДРялъул Миннацалъул отделалъул нухмалъулей ХIасайбат Валиеваль, ЧIарада районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей ГIайша Халиловаль ва цогидаз.**

Эбелалъул къоялда хурхараб тадбир рагьана Бакълъул районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас. «Эбелалъул борч борхи гуребги, улкаялъул батIи-батIиял рахъал церетIезе мурадалда хIалтIулел руго руччаби. 80 проценталдасаги цIикIкIун районалъул мугIалимзаби, медицинаялъул хIалтIухъаби ккола инсаниялъул берцинал вакилзаби. Тылалда ва фронталда жидедаго барахщичIого хIалтIун, тушманасда тIад кверщел босизе бихьиназе кумек гьабуна руччабаз»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Тадбиралъул байбихьуда бихьизабуна Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб гIадатияб халкъазул маданияталъул централъул директор, Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул документалияб фильм. Дандерусселналда «Бакълъул районалъул ХIурматияв гражданин» абураб цIар кьуна ДРялъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаевалъе. Гъалип Гъалиповас Мамутаевалъе кьуна гьеб цIаралъул гIаламатал ва баян гьабуна гьелъул хIаракаталдалъун республикаялъул руччабазул гIуцIи цебетIураблъи.

Интизар Мамутаеваль Гъалип Гъалиповасе баркала загьир гьабуна шапакъат кьуралъухъ ва муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъе гьабураб кумекалъухъ.Тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана ДРялъул Миннацалъул отделалъул нухмалъулей ХIасайбат Валиева, ЧIарада мухъалъул руччабазул гIуцIиялIул нухмалъулей ГIайша Халилова, Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, муниципалитеталъул эменазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIаб-дурахIман Дайтмирзаев, администрациялъул тIалабагъазалъул отделалъул махщалилай ПатIимат ГIумарахъаева ва цогидал.

РакIалдещвеялъул медалал ва кIазал кьуна Гумбет районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаевалъе, Игьали росдал руччабазул гIуцIиялъул вакил Лайла МухIамадовалъе, Хадижат ГIамирудиновалъе (ТIад Инхо) ва Килалъ росдал руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Сайма Запировалъе, гьединго районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу Нуцалай ГIабдурахIмановалъе.

Баркалаялъул кагътал кьуна муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялIул вакилзаби ПатIимат ГъалбацIовалъе, ХIалимат Юсуповалъе, Эльмира Зайнодиновалъе ва Зульфия ХIажимурадовалъе. Загьра ГIабдулаевалъе щвана «Миллияб гьоркьоблъи ва рекъел щула гьабуралъухъ» абураб ХIурматияб гIаламат.

Тадбир берцин гьабуна маданияталъул хIалтIухъабазул, «Бакъ» ясли-ахалъул лъималазул художествиял цjudgerерахъиназ.

**«Гумбет» РИО**

ЦАГЪУР ЦIЕГИ

## Налогал ракIари лъикI гIуцIани, район цебетIола

**Налогал ракIариялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIанf Бакълъулазул районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликовас, Россиялъул № 12 районазда гьоркьосеб ФНСялъул нухмалъулев Мамед МухIамадовас, Гумбет районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас, ДРялъул МРИ № 12 ФНСялъул бетIерав специалист Салман Сурхаевас ва цогидаз.**

Дандеруссиналда халгьабуна Бакълъул районалда бугольиялъулаб налогазул плановиял рихьизарияI тIураялъул, кинабниги налогазда хурхараб налъи тIагIинабиялъул ва цогидал масъалабазул. Районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповасул хъаравуллъиялда руго налогал ракIариялъул суалал. Гьесул рагIабазда рекъон, транспорталъулаб налог районалъул бюджеталде тIадбуссуна. Гъалип Гъалиповас бакълъулазде хитIаб гьабуна гIужда налогал кьеян.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гъалип Гъалипов: «Районалъул цIалул идараби къачIазе рес щвана «100 школа» программаялда рекъон»

- 2 гьум.



Бакълъулазул ПФРялъул цIияв нухмалъулев, нухал рацIцIад гьари…

- 2 гьум.



Бакълъулазул нигIматал – Буйнакск шагьаралда

- 2 гьум.



Гъалип Гъалипов – Игьали, Килалъ, Гъоркь Инхо росабалъ

- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Гъалип Гъалипов: «Районалъул цIалул идараби къачIазе рес щвана «100 школа» программаялда рекъон»

### Гъоркь Инхо росулъ капиталияб ремонталдаса хадуб школа рагьана

**2021-абилеб соналъул 25-абилеб ноябралда Бакълъул районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас Гъоркь Инхо росулъ капиталияб ремонталдаса хадуб гьоркьохъеб школа рагьана. ЦIалул идара къачIаялъул хIалтIаби гьаруна «100 школа» абураб программаялда рекъон. ЧIоло къотIун хадуб Гъалип Гъалиповас цIалул идара рагьиялда хурхун кIалъай гьабуна.**

«Жакъа нилъеца капиталияб ремонталдаса хадуб рагьана Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школа. Муниципалитеталъул цIалул идараби къачIазе рес щвана «100 школа» абураб программаялъулъ гIахьаллъиялъ. ЦIалдохъабазе гьанжесеб заманаялъул тIалабазда рекъараб школалда цIализе рес щвей буго лъикIаб иш.

Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница кIудияб кIвар кьола улкаялъул лъайкьеялъул суалазе, лъимерлъи цIуниялъе. Гьесул жигаралдалъун нухдаинабулеб буго школазда капиталияб ремонт гьабиялъул цоги программаги. Нижеда бажарана районалъул 7 школалъул документал хIадуризе гьеб программаялъулъ гIахьаллъизе. 2022-абилеб соналъ хIаракат бахъизе буго бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе мурадалда гIахьаллъи гьабулел программабазул къадар цIикIкIинабизе»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Гъалиповас гьединго баркала загьир гьабуна Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей ГIалимович Меликовасе Бакълъул районалъул кIвар бугел суалал тIуразе кумек гьабуралъухъ. Школа рагьиялъул хIурматалда гIуцIараб рохалилаб тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, муниципалитеталъул харабазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиев, Гъоркь-Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул директор МухIамад Жамалудинов, «Село Нижнее Инхо» поселениялъул бетIер ГIумарасхIаб Расулов, росдал имам ГIалиасхIаб ГIумардибиров ва цогидал.



Гъалип Гъалиповас администрациялъул рахъалдасан школалъе сайгъат гьабуна робототехника. Гъоркь Инхо росдал вакилзабаз баркала загьир гьабуна бакIалъулаб, республикаялъулаб ва федералияб тIалъиялъе пайда цIикIкIарал проекталъ гIахьаллъизе квербакъаралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

СИЯСАТ

# Бакълъулазул ПФРялъул цIияв нухмалъулев, нухал рацIцIад гьари...

### Анкьил хIасилал гьарураб иргадулаб данделъи

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас, федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз.**



Сахлъи цIуниялъул идараялда бугеб ахIвал-хIалалъул бицун, кIалъазе вахъана муниципалитеталъул ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев Муртуз Нажмудинов. Гьесул рагIабазда рекъон, районалъул больницаялда инфекционнияб отделалда вегун вуго гьуърул унтарав цо чи. Коронавирусияб инфекциялда данде вакцинация гьабуразул къадар муниципалитеталад 63 проценталде бахун буго. Бакълъулазул медицинаялъулал идараби дарабаздалъун хьезарун руго. Районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас хитIаб гьабуна коронавирусияб унтуда данде гIаммаб иммунитет чIезабиялъул хIасилал лъикIлъизариялъулъ киназго гIахьаллъи гьабеян.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул махщалилав Сурхай Сурхаевас баян гьабуна Москваялде Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путинил жигаралда гIумруялде бахъинабулеб школазда капиталияб ремонт гьабиялъул программаялде гъорлъе ккезе районалъул анкьго школалъул документал ритIун рукIиналъул.

РФялъул ДРялда бугеб Пенсионнияб фондалъул Бакълъул мухъалда бугеб отделалъул нухмалъулевлъун тана НурухIма МухIамадов. Къого соналъ гьеб хъулхъида вукIарав ТIалхIат Жамалудиновас районалъул администрациялъул махщалилазе, идарабазул нухмалъулезе баркала загьир гьабуна цадахъаб хIалтIухъ ва кумекалъухъ. Гъалип Гъалиповас бицана ТIалхIат Жамалудиновас жиндица бетIерлъи гьабураб идара цебетIезе бахъараб хIаракаталъул. Гьесие ва НурухIма МухIамадовасе гьарана сундулъго битIккей.

ЛъикIал хIасилазда финансовияб сон лъугIизабизе кколеблъи ракIалде щвезабуна ДРялъул Бакълъулазул районалда бугеб № 19 Федералияб казначествоялъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовас. «Гумбетовское ДЭП № 10» АОялъул директор Малачи Сурхаевас бицана ХIаригабурлъухъан ва Буцрахъан ругел нухал гIаздадаса рацIцIад гьариялъул.

Гумбет районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас баян гьабуна Буйнакск шагьаралда тIобитIараб Респрубликаялъулаб базаралда муниципалиталъул вакилзабаз гIахьаллъи гьабиялъул, гьединго ахал ва хурзал лъалъазе лъим чIезабиялъул суалалги рорхана гьес. Районалъул гIолилазул централъул нухмалъулев ГIабдула Юсуповас абуна муниципалитеталъул гIун бачIунеб гIелалда гьоркьоб наркомания тIибитIичIого букIине цадахъаб хIалтIуе кIвар кьезе кколин. Гьединго Гумбет районалъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликовас баян гьабуна терроризмалда данде гьарулел тадбиразул.

Дандеруссиналъул хIасилал гьарулаго, Гъалип Гъалиповас тIадкъай кьуна бакълъулазул тIалабал гIужда ва лъикI тIураян, тIолго муниципалитет цебетIезе мурадалда гьежгурун хIалтIеян.

**«Гумбет» РИО**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# Бакълъулазул нигIматал – Буйнакск шагьаралда

### Районалъул вакилзаби Республикаялъулаб базаралда гIахьаллъана

**Бакълъулазул гIияхъабаз ва хурухъабаз муниципалитеталъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасул бетIерлъиялда гIахьаллъи гьабуна Буйнакск шагьаралда тIобитIараб базаралда.**



Гьеб тадбиралде рачIана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул ва кванил сурсатазул министрасул ишал тIуралев БатIал БатIалов, гьесул заместителал Шарип Шарипов, Эмин ШайххIасанов ва цогидал. Сельхозярмарка гIуцIун букIана цебе Дагъистаналъул букIараб тахшагьаралъул аслияб байданалда. Республикаялъул киналго хурухъаби ва гIияхъабаи рачIун рукIана гьенире.

Дагъистаналъул росдал магIишаталъул ва кванил сурсатазул министрасул ишал тIуралев БатIал БатIаловас республикаялъулаб базаралъул хIалтIулъ кидаго гIахьаллъи гьабулев Бакълъул районалдаса фермер Халил МухIамадовасе грамота кьуна. Тайпадулаб гIи гIезабулеб «Интеграл» КФХялъ тадбиралде бачIун букIана сахаб гьан. Гьеб КФХялъул бетIергьан МухIамадхIабиб ХIажиевас баян гьабуна ярмаркаялда гIахьаллъиялъул гIияхъабазе бугеб пайдаялъул.

Бакълъул мухъалъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасул рагIабазда рекъон, муниципалитеталъул вакилзабаз базаралде гьоцIо, бакъвараб курак, гьан, цIулакьо ва цогидал нигIматал рачIун рукIуна. Бакълъул районалъул маданияталъул хIалтIухъабаз художествиял церерахъиналги рихьизаруна тадбиралда. Гьединго ГIабдулхIалимовас ракIалде щвезабуна бакълъулазул нигIматал Дагъистан тун къватIиреги ричизе унеблъи.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Гъалип Гъалипов – Игьали, Килалъ, Гъоркь Инхо росабалъ

## БакIал рай, нухал, маданияб кIалгIа къачIай...

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов хIалтIулаб сапаргун Игьали росулъе щвана. Гьес халгьабуна росдал администрациялъ ва жамагIаталъ цIияб школа базе бихьизабураб бакIалъул. Халгьабиялъулъ гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул специалистаз, «Сельсовет Игалинский» поселениялъул бетIер Сулейман Сулеймановас,Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадовас ва цогидаз.**



Игьали росулъ республикаялъулаб цIияб тайпаялъулаб школа базе программаялльулъ гIахьаллъизе документал кьезе руго. Бакълъул мухъалда бищун кIудияб росу ккола гьеб. Школалъул басрияб корпусазда цIалулел руго лъабнусгоялдасаги цIикIкIун цIалдохъан. Лъималазе хIажат буго гьанжесеб заманаялъул тIалабазда рекъон бараб цIалул идара.

Гьединго Гъалип Гъалиповас халгьабуна Гъоркь Инхо росулъ проектал гIумруялде рахьинариялъул. ХIалтIулаб сапаралъулъ гIахьаллъи гьабуна гьесул кумекчи Муса КъурамухIамадовас, районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднибиев, муниципалитеталъул ГОялъулгун ЧСалъул махщалилав ХIасан ХIасанов, росдал вакилзаби, депутатал ва цогидал.

Инхдерил маданияб-гун хIухьбахъиялъул центр къачIаялъул хIалтIабазулги хал-шал гьабуна Гъалип Гъалиповас. Гьеб бакI «Маданият» абураб программаялде гъорлъе ккун буго, гьединлъидал кватIичIого инхдерил цIигьабураб маданияталъул кIалгIа букIине буго. КДЦялда капиталияб ремонт гIужда ва лъикI гьабизе лъазабуна Гъалиповас. Районалъул тIалъиялъул вакилзаби гьединго щвана Гъоркь Инхо росдал сквералде ва цогидал бакIаздеги.

Килалъ росулъ балеб буго ФАП, Дагъистаналъул Минобрнаукаялъул программаялда рекъон модульнияб спортзал базе рес щвезе гIарза къун буго. Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас халгьабуна Килалъ росулъ нухдаинарулел проектазул. «Гъоркь Инхоса ТIад Инхобе, Килалъе, ЧIикье унел нухал къачIазе руго. Гьеб суалалда тIасан дица гара-чIвари гьабуна транспорталъул ва нухлулаб магIишаталъул министрасул ишал тIуралев Ширухан ГIумаханович ХIажимурадовасулгун, гьес рагIи кьуна гьел трапанспорталъулал мухьал къачIазе кверсакъилилан»,- ян баян гьабуна Гъалип Гъалиповас.

Районалъул администрациялъул специалистаз Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда Килалъ росдал идарабазул хIалтIул халгьабуна. «Село Килятль» поселениялъул вакилзабазда ва росдал жамгIиял хIаракатчагIазда цадахъ цIиял социалиял бакIал разе ракьалъул суалал цойиде ккезаруна. «Килалъ росулъ гIужие босун буго 2022-абилеб соналъ «СанагIатаб шагьаралъулаб сверн» абураб проекталда рекъон хIухьбахъиялъул ах къачIазе. Гьеб ва цогидал федералиял ва республикаялъулал проектал гIумруялде рахьинариялъ кверсакъизе буго бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъиялъе», ян абуна муниципалитеталъул бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас.

**«Гумбет» РИО**

БАРКИ

# Эбелалъул къо

**Щибаб соналъул ноябралъул ахирисеб гьатIан къоялъ кIодо гьабула эбелалъул къо. Эбел. Гьеб рагIул хинлъиги, хиралъиги, тIадегIанлъиги, хIайранлъиги бичIчIуларев инсан ракьалда вижун ватиларо. Эбел йиго рукъалъул гьаситоялъуб цIа цIунулейги, лъикIаб тарбия кьун, жинда бихьулеб гIакъуба-захIмалъиялъухъ балагьичIого лъимал гIезарулейги, экономикиябгун социалияб рахъалъ росабалъ церетIеял рукIинариялъе гIоло хIаракатай къеркьохъаньги.**

Улбул руго районалъул жамгIияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулелги, маданияб, сахлъи цIуниялъул, лъай-тарбия кьеялъул бутIабазда хIалтIулъ мисал бихьизабулелги. Эбелалъул къо чIезаби гьеб ккола чIужугIадан - эбелалдехун гIорхъи гьечIеб рокьи ва хIурматияб куцалда адаб загьир гьабилъун. ХIурматиял улбул, баркула ракI-ракIалъ нужеда байрам. Биччанте, нужер щияй йоххизе ва чIухIизе нужерго лъималаздаса, бачIунгеги тIаде пашманаб къо, гьарула нужее хьизан – рукъ рекъараб, парахатаб,талихIаб гIумру, нужер лъималазе щулияб сахлъи, иман, адаб бугеллъун, нуж разияллъун гIун рачIаги гьел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов**

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

## Подписка – 2022

ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2022-абилеб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета т\оцебесеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хьвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.




хьвай. Гьеб хьвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги редакциялдасанги. Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2022-абилеб соналъул Т\оцебесеб бащдаб лъагIалие багьа:

почалдасан - 305 гъурущ.

Редакциялдасан – 150 гъурущ.

«Гумбет» РИО

ТЕРРОРИЗМАЛДА ДАНДЕЧIЕЙ

# «Терроризмалъул букIинесеб гьечIо»

## ГьитIинго лъимер куцай – жамгIият цебетIеялъе кверсакъи

**Гумбет районалъул росабалъ тIоритIана терроризмалдаса гIолилал рикIкIад гьариялда хурхарал батIибатIиял тадбирал. Гьедин, ЦIияб Данухъ росулъ маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ХIузаймат Багьавудиновалъ ва школалъул хIалтIухъабаз гIуцIана «Терроризмалъул букIинесеб гьечIо» абураб дандельи.**




Гьединго тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Игьали росдал цIалул идараялъул вакил И. Юнусовасги. Гьес баян гьабуна цIиял гIелазул битIараб пикру щулалъиялъе кIудияб кIвар кьезе кколеблъиялъул, щайгурелъул гьитIинго къураб битIараб тарбия – ганчIида бикIараб накъищ. Гьесул рагIабазда рекъон, лъимерлъиялдаго щибаб жоялда тIад ургъизе, пикру гьабизе, лъикIаб ва квешаб батIабахъизе гьира базабизе ккола. Дандерусcиналда лъималазе бицана терроралъулаб лъугьа-бахьинал сверухъ ругони, щаклъи бугел жал рихьани, цIунизе тIадал къагIидабазул.

МелъелтIа росулъ маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ ва библиотекаялъул нухмалъулей Умижат Халидовалъ цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIана «Лъималазе дунялалда кидаго рекъел бокьун буго» абураб тадбир. Гьеб гIуцIаразул рагIабазда рекъон, лъимал, гIолилал лъикIлъиялде ахIулел тадбиразул пайда цIикIкIараб букIуна, гьитIинго лъимер куцай – жамгIият цебетIеялъе кверсакъи.

**Макка МухIамадова**

СТРАНА ГОР

# Дагестанские тхэквондисты выиграли медали чемпионата мира

**Трое дагестанских тхэквондистов с нарушениями слуха стали медалистами чемпионата мира, который проходил с 19 по 24 ноября в Тегеране.**



Об этом сообщает РИА «Дагестан» со ссылкой на пресс-службу Министерства спорта РД. Как отмечается, в следующем году в Бразилии пройдут Сурдлимпийские игры, на участие в которых будут претендовать медалисты чемпионата мира в Иране.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Сергей Меликов: «Качественное образование – это мощный ресурс для развития Дагестана»

**В рамках заседания Совета при Главе РД по науке и образованию Глава Дагестана Сергей Меликов сделал ряд заявлений.**



«Качественное образование – это мощный ресурс для развития Дагестана, и от того, как мы будем его использовать, зависит завтрашний день республики», – резюмировал Сергей Меликов. Об этом сообщает официальный сайт Главы РД. Отметим, что руководитель Гумбетовского района Галип Галипов держит вопросы образования на личном контроле.

В ближайшее время ожидается открытие Нижне-Инховской средней школы после проведения капремонта по республиканской программе «100 школ».

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## В Минмолодежи наградили победителей интеллектуальной лиги «Игры разума»

**Накануне в Минмолодежи РД провели награждение участников детского клуба интеллектуального развития «Хочу все знать» при Дворце культуры «Спартак» Хасавюрта, которые одержали победу по итогам интеллектуальной лиги «Игры разума», состоявшейся в Пятигорске.**



Об этом сообщается на сайте Минмолодежи РД. Мероприятие прошло с участием врио министра по делам молодежи Камиля Саидова, руководителя клуба «Хочу все знать» Мурада Адуева, участников клуба и др. В рамках встречи Камил Саидов вручил благодарственные письма участникам клуба «Хочу все знать», а также руководителю клуба Мураду Адуеву.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Парламент Дагестана принял решение продлить антикризисные меры по поддержке предпринимателей

**25 ноября 2021 года прошла пятая сессия Народного Собрания РД седьмого созыва. Избранники народа поддержали предложение продлить срок действия пониженных ставок по налогам субъектов МСП в бюджет РД и в бюджеты муниципалитетов.**

Об этом сообщает РИА «Дагестан». Руководитель Гумбетовского района Галип Галипов отметил, что стимулирование деловой активности, бизнес-проектов и деятельности предпринимателей – стратегически правильный курс, отвечающий интересам региона и страны.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Строительство солнечных электростанций в Дагестане набирает обороты

**Врио заместителя Председателя Правительства РД Манвел Мажонц провел совещание, в рамках которого обсудили вопросы реализации дорожной карты по строительству солнечных электростанций в Дагестане.**



Об этом сообщает РИА «Дагестан». Мероприятие прошло с участием представителей проектного офиса по развитию возобновляемых источников энергии при министерстве энергетики и ЖКХ РД, Минимущества РД и группы компаний «Хевел». По информации источника, в регионе запланировано создать новые солнечные электростанции в период 2022–2024 гг. Так, по программе уже стартовало строительство Южно-Сухокумской солнечной электростанции.

Отмечается, что создание солнечных электростанций даст возможность уменьшить дефицит мощности в энергосистеме северной части республики, а также совершенствовать энергообеспечение населения города Южно-Сухокумск и нескольких муниципальных районов Дагестана.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Абдулпатах Амирханов принял участие в заседании группы «Россия – исламский мир» в Джидде

**Премьер РД Абдулпатах Амирханов накануне в составе делегации России принял**




**участие в заседании группы стратегического видения «Россия – исламский мир».**

Мероприятие прошло в столице Королевства Саудовская Аравия, в городе Джидде. Участникам заседания приветствие направил и Президент РФ Владимир Путин. Отмечается, что данное мероприятие организовано в целях улучшения отношений, повышения торгового оборота, укрепления всесторонних связей России и мусульманского мира. Об этом сообщает официальный сайт Правительства РД. Руководитель Гумбетовского района Галип Галипов подчеркнул, что улучшение торговых, экономических, культурных и иных связей с другими странами укрепит статус мировой державы России и будет способствовать дальнейшему развитию нашей страны.

**РИО «Гумбет»**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05 #

## Расул Абакаров: «Вакцинация способствует формированию популяционного иммунитета к COVID-19»

**Сотрудник ОМВД РФ по Гумбетовскому району Абакаров Расул Шамильевич привился против COVID-19 в селе Чирката и призвал гумбетовцев принять активное участие в вакцинации против ковида.**



«Ассаламу гIалайкум, уважаемые земляки, гумбетовцы! Мы свидетели того, что пандемия COVID-19 не щадит никого, от этой болезни уходят из жизни люди любых возрастов. В тяжелой форме болезнь проходит не только у представителей старшего поколения, но и у детей и молодых людей. Вакцинация способствует формированию популяционного иммунитета к COVID-19.

Прививайтесь от ковида, берегите себя и окружающих от опасной инфекции», – говорится в призыве Расула Абакарова. Руководитель Гумбетовского района Галип Галипов также призвал жителей муниципалитета принять активное участие в иммунизации от COVID-19.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович Гизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.